



Pou Piblikasyon Imedya: 30/03/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOUVO PATENARYA TOURISTIK "I LOVE NY" AK YORK YANKEES AK NEW YORK METS NAN JOUNEN OUVÈTI A

Nouvo kanpay la pral mete aksan sou eritaj bezbòl New York la epi li pral ankouraje fanatik yo pou yo planifye yon eskapad sou tèm bezbòl

Atraksyon ak evènman yo mete aksan sou yo nan [iloveny.com/baseball](https://loveny.com/baseball)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon nouvo patenarya vwayaj ak touris ant I LOVE NY, New York Yankees ak New York Mets, pou selebre kòmansman sezon Gran Lig Bezbòl (Major League Baseball) 2023 a. Siyal ki make I LOVE NY pral parèt nan Yankee Stadium ak Citi Field sezon sa a, epi yo pral vizib tou pandan emisyon jwèt yo sou televizyon. Siyal sa a, ansanm ak efò dijital ak rezo sosyal yo, pral ankouraje fanatik yo vizite [iloveny.com/baseball](https://loveny.com/baseball) epi planifye yon vwayaj sou tèm bezbòl Eta New York la. New York se yon destinasyon ideyal pou fanatik bezbòl yo, epi kanpay la pral montre tout sa ki gen pou wè ak fè pou fanatik ki gen tout kategori laj.

"Pa gen anyen ki eksprime santiman prentan nan New York pase Jounen Ouvèti a, epi nou kontan akeyi vizitè, fanatik, ak espektatè atravè lemond pou fè pati eritaj bezbòl eta nou an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan Bronx Bombers yo ak Amazin' Mets yo ap moute teren sezon sa a, nou fyè pou n travay an etwat kolaborasyon ak ekip lig majè New York yo epi ede fanatik yo rantre nan istwa, eritaj ak kilti bezbòl eta nou an. Gras a patenarya I LOVE NY dinamik sa a, nou pral asire ke aktivite touristik nan New York kontinye fè siksè."

Bezbòl gen yon istwa rich nan New York: li se espò ofisyèl eta a, ak kay Panteyon Nasyonal Bezbòl ak Mize (National Baseball Hall of Fame and Museum) nan Cooperstown. Fèstivite Wikenn Entwoniizasyon anyèl Panteyon an akeyi plizyè dizèn milye fanatik chak ete. New York se kote Jackie Robinson te kraze baryè koulè bezbòl an avril 1947, epi nouvo Jackie Robinson Museum lan nan Sid Manhattan rann omaj pou reyalizasyon li yo sou ak andeyò tèren an.

Bezbòl se yon motè ekonomik tou pou kominote yo atravè eta a. Plizyè milyon fanatik atravè mond lan vwayaje nan Queens ak Bronx chak sezon pou aplodi Mets ak Yankees yo. New York gen sis ekip Lig Bezbòl Minè soti Buffalo rive Brooklyn, ak uit klèb lig endepandan. Anpil lig bezbòl ak sèftbòl pou jèn, anpil ekip ak tounwa rasanble

fanmi ki soti toupatou nan New York ak nan Nòdès la pandan sezon bezbòl ete a, sa ki plante emans pou pwochen jenerasyon gwo lig yo.

Pwopriyetè New York Mets la, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, Steve Cohen, te deklare, "New York se non sèlman yon vil bezbòl, se yon eta bezbòl. Pasyon, lwayote ak fyète Nouyòkè yo montre pandan tout sezon an se yon gwo pati nan sa ki fè New York vin pi gwo plas nan mond lan. Nou kontan anpil kons konsènan kòmansman sezon an. Bezbòl ak Eta New York ap avanse pou pi devan."

Prezidan New York Yankees la, Randy Levine, te deklare, "Yanki yo fyè anpil lè yo sèvi kòm anbasadè pou Eta New York epi akeyi vizitè ki soti nan tout 50 eta yo ak atravè mond lan. Kòm fanatik bezbòl yo konnen, pa gen pi bèl babay pase gade yon match nan Yankee Stadium, ki ansanm onore paseak selebre prezan an. Anpil nan siksè ekip nou an se te yon rezilta dirèk nan atmosfè eksitan fanatik nou yo bay nan chak jwèt, epi nou devwe pou amelyore eksperyans sa a pou chak moun ki pase nan tounikè nou yo. Pandan n ap antre nan sezon bezbòl 2023 a, nou fyè espesyalman pou n kontinye efò sa yo an patenarya ak inisyativ I LOVE NY la, paske se egzakteman konsa nou santi nou konsènan eta nou an."

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Bezbòl vle di biznis pou New York, paske li mennen vizitè atravè mond lan nan eta a pou selebre jwèt yo renmen an. Nouvo patenarya sa a ak Yankees ak Mets pral ede mete aksan sou relasyon espesyal ant New York ak pastan nasyonal nou an - lye lejandè yo, evènman ekip, ak istwa dirab yo- ki te mete Empire State la nan yon kategori poukont li."

Vis Prezidan Empire State Development ak Direktè Egzekitif Touris la, Ross D. Levi, te deklare, "Eta New York se destinasyon rèv chak fanatik bezbòl, soti nan ekip lig minè atravè eta a, rive Yankee Stadium ak Citi Field nan Vil New York, rive nan Panteyon Nasyonal Bezbòl ak Mize nan Cooperstown - yon arè ke yo mete aksan sou li nan chak lis reyalyasyon bezbòl. I LOVE NY akeyi kòmansman sezon bezbòl la epi li fyè pou l fè patenarya ak ekip lig majè eta a pou pwopaje nouvel sou Eta New York kòm pi gwo destinasyon bezbòl. Nou ankouraje fanatik yo atravè mond lan pou yo planifye yon vakans bezbòl Empire State epi pou yo jwenn sa yo renmen ete sa a."

Aktivite touristik ak vwayaj enpòtan anpil pou ekonomi Eta New York la. An 2021, endistri a te pwodwi yon enpak ekonomik ki se 85.5 milya dola. Endistri touris ak otelri a se twazyèm pi gwo endistri eta a, sa ki sipòte youn sou chak 10 djòb nan sektè prive a. Taks eta ak lokal yo kolekte atravè touris pèmèt chak kay nan eta a ekonomize plis pase 1,000 dola chak ane.

Enfòmasyon sou Eta New York

Eta New York se yon destinasyon pou vakans prensipal ak atraksyon klas mondyal, bote natirèl pitorèsk, kuizin lokal ak yon sèn bwason atizanal k ap grandi, yon seri akomodasyon, ak festival ak evènman ikonik pandan tout ane a. 11 rejyon vakans divèsifye li yo prezante kèk nan plaj ki klase alatèt nan mond lan; de nan twa pi gwo pak

eta yo prefere nan Etazini an; Niagara Falls espektakilè; plis zòn eski pase nenpòt lòt eta; youn nan sezon feyaj ki pi long nan nasyon an; miltip Halls of Fame (Tanp Renome); Tiwolyèn ki pi long, pi rapid ak pi wo nan Amerik Di Nò a; pi gwo zòn ki pwoteje piblikman nan avwazinaj Etazini an; ak pi long santye pou plizyè itilizasyon nan peyi a. Anplis de sa mize inik eta, moniman istorik, sit kiltirèl, bèl ti vil ak lakou rekreyasyon iben yo, epi se pa etonan ke piblikasyon ak ekspè vwayaj yo te toujou chwazi New York kòm yon gwo destinasyon. Pou ede planifye pwochen vakans ou nan Eta New York, vizite www.iloveny.com.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)